
Gid
Patwon yo
pou
Konpansasyon Travayè



Eta New York
Komisyon Konpansasyon Travayè



Asirans konpansasyon travayè pwoteje patwon yo ak anplwaye yo kont pèt lajan sizoka anplwaye a pran chòk. Nenpòt biznis komèsyal ak òganizasyon ki pa komèsyal ki konpanse travayè yo ta dwe egzamine kritè ki eksplike la a seryezman pou detèmine si li dwe gen asirans oswa si li merite jwenn yon egzansyon. Lwa sou Konpansasyon Travayè Eta New York egzije pou patwon yo toujou prevwa avantaj konpansasyon travayè pou tout anplwaye yo, menm anplwaye atan-pasyèl yo ak manm fanmi ki nan travay yo. Si moun nan anba kontwòl dirèk ou, ou pètèt gen anplwaye, kèlkeswa sitiyasyon fiskal moun nan; moun ki bay enstriksyon ak kontwòl nan moman chòk ki ka pèmèt anplwaye a jwenn konpansasyon an se patwon an.

Acha asirans se yon depans pou fè biznis, epi lwa sou dènye Refòm nan diminye depans sa yo. Yo fè refòm nan sistèm nan pou redui prim asirans yo ak depans yo. Yon lòt objektif se pou travay pi vit sou pwosesis reklamasyon yo ak pou ogmante efikasite yo k ap diminye kantite reklamasyon ki jwenn refi, pou diminye depans sistèm nan pidevan.

Fason pou Jwenn Pwoteksyon Asirans

Patwon yo ka satisfè egzijans pou gen pwoteksyon asirans konpansasyon travayè lè yo jwenn asirans nan youn nan fason sa yo:

■ **Asirans Prive:** Gen anpil santèn konpayi asirans prive ki gen otorizasyon pou ekri kontra asirans konpansasyon travayè nan New York.

■ **Fon Asirans Eta:** Fon Asirans Eta a, ki se prèske yon konpayi asirans piblik, ekri kontra asirans konpansasyon travayè tou.

■ **Pwòp-Asirans Endividyèl:** Patwon yo kapab rezève lajan pou pwòp-asirans yo, men sa se yon pwosesis fòmèl ki respekte règleman defini yo. Kontakte Inite Pwòp-Asirans Komisyon an nan nimewo 518-402-0247.

Komisyon an resevwa avi lè konpayi asirans yo ekri, chanje, anile pwoteksyon asirans. Si yo anile pwoteksyon asirans konpansasyon travayè a pou yon konpayi ki gen anplwaye, epi si Komisyon an pa gen dosye pwoteksyon ranplasman an, Komisyon an ap voye yon lèt ankèt pou detèmine si gen nouvo pwoteksyon oswa pou detèmine si gen yon egzansyon. Si Komisyon an pa resevwa yon repons pou lèt la, l ap voye yon avi pou sanksyon.

Egzanp legal pou pa gen pwoteksyon asirans konpansasyon travayè:

- Antrepriz endividyèl ki pa gen anplwaye;
- Patenarya anba lwa New York law (LLC, LLP, PLLC, PLLP oswa RLLP) ki pa gen anplwaye ki diferan avèk patnè yo oswa manm yo;
- Antrepriz ki gen youn ak de (2) moun kite moun yo posede tout aksyon yo, ap travay nan tout fonksyon antrepriz la, epi pa gen lòt anplwaye; epi
- Òganizasyon non-komèsyal yo (anba règ IRS) ki pa t bay moun yo konpansasyon, sof manm legliz oswa pwofesè, ki bay nenpòt sèvis.

Dwa Ou pou Konteste yon Sanksyon

Patwon yo gen 30 jou ki vini apre dat premye sanksyon an pou kontakte Inite Kontwòl Konfòmite Komisyon an pou yo konteste vyolasyon yo poutèt yo pa bay pwoteksyon asirans, oswa poutèt yo pa konsève ak divilge dosye yo. Men, sanksyon yo ka kontinye ogmante pandan pwosesis la. Fonksyonè antrepriz la gen obligasyon pèsònèl pou sanksyon nan konpansasyon travayè.

Gen rezon enpòtan pou konfòme ou avèk lalwa.

- Si ou gen yon règleman anplas, anjeneral, anplwaye ou yo pa kapab trennen ou lajistis pou yon chòk oswa yon maladi yo pran nan travay la.
- Komisyon an anplwaye anketè pou verifye si ou respekte lalwa.
- Prezidan Komisyon an ka egzije biznis lan pou li pa pran asirans pou konfòme yon li avèk **Lòd pou Sispann Travay**.
- Moun ak biznis ki anba sanksyon oswa ki resevwa Lòd pou Sispann Travay pa ka fè òf pou pwojè travay piblik yo.
- Si pwopriyetè yon biznis pa gen asirans pou anplwaye yo sa se yon krim, epi nou ka trennen pwopriyetè biznis lan nan lajistis pou yon deli oswa yon krim.
- Gen yon sanksyon \$1,000 pou peye pou chak 10 jou san asirans, epi sanksyon yo ap ogmante jouk lè gen yon kontra asirans oswa yon rezon pou egzansyon ki anvigè. Gen menm sanksyon yo tou pou si ou pa kenbe ak bay dosye ak pou si ou bay fo enfòmasyon sou pewòl ak sou kalite anplwaye yo.
- Anplis sanksyon yo, si yon anplwaye pran chòk epi pa gen asirans konpansasyon travayè, pwopriyetè biznis lan gen responsablite pou peye salè ki pèdi, pou vrè depans pou swen medikal ak pou sanksyon yo. Pa gen limit nan avantaj Konpansasyon Travayè nan New York pou andikap total pèmanan oswa pou ka lanmò.

Fwod nan konpansasyon travayè se krim Klas E, ki ka lakòz ou jwenn pinisyon jiska katran prizon, amann \$5,000 pou yon moun/\$10,000 pou yon antrepriz, ak pwobasyon pou senk (5) ane. Nenpòt vyolasyon ki fèt apre ap yon krim Klas D kounye a.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

- **Eta New York**
Komisyon Konpansasyon Travayè
Inite Kontwòl Konfòmite: 866-298-7830
Inite Pwòp-Asirans: 518-402-0247
www.wcb.ny.gov
- **Depatman Sèvis Finans Eta New York**
www.dfs.ny.gov
- **Fon Asirans Eta New York**
www.nysif.com
- **Asosyasyon Konpayi Asirans Pèsonèl New York**
www.nyselfinsurance.com

Eta New York
Komisyon Konpansasyon Travayè
www.WCB.NY.Gov
